

# Asosyasyon Bawo Boston

## Deklarasyon Prensip sou Imigrasyon ansanm avèk lòt Pwoblèm

Asosyasyon Bawo Boston (BBA) se yon asosyasyon pwofesyonèl ki preske gen 10,000 avoka manm. Misyon nou se pou fasilite aksè a jistis, avanse estanda ekselans elve pou pwofesyon legal la, ankouraje yon kominote pwofesyonèl enkliziv ak divès, epi sèvi kominote a nan ansanm. Kòm yon asosyasyon, nou gen yon istwa long pou sipòte dwa sivil, e nou kwè ke pwofesyon nou an gen yon responsablite inik pou ankouraje epi fè respekte règleman lalwa kòm yon prensip fondamantal nan demokrasi peyi nou an.

BBA rekonèt wòl enpòtan imigran yo jwe nan vil ak nan eta nou an, e li te sipòte depi lontan mezi pou sipòte pwosedi ak dwa pwoteksyon egal imigran yo. Li espesyalman akòz ouvèti Massachusetts pou imigran yo ke etablisman enstitisyon edikasyon, biznis ak swen sante nou yo jwenn rekonesans kòm lidè mondyal. Antanke òganizasyon pwofesyonèl, BA ap amelyore grasa kontribisyon valab manm ak patnè nou yo ki se imigran, e nou afime angajman nou pou kanpe avèk tout kominote imigran yo nan Boston ak toupatou nan Massachusetts.

Pou eksprime respè ak solidarite l avèk kominote imigran yo nan Massachusetts ak pou oryante pwochen travay règleman piblik li, BBA te adopte prensip ki annaprè yo:

**Prensip 1: Imigrasyon se yon karakteristik detèmine nan eksperyans Ameriken. Imigran yo jwe yon wòl enpòtan nan lavi kiltirèl, ekonomik ak sivil vil, eta ak peyi nou an.**

Istwa peyi nou an, kilti, ekonomi, ak tradisyon nou te fòme pa imigrasyon, e kontribisyon inik ak enpòtan nou kontinye ranfòse lavi kiltirèl, ekonomik ak sivil nou.

**Prensip 2: Diyite imen ak dwa pèsoun moun pa ta dwe devalye sou baz imigrasyon oswa estati sitwayen.**

Tout èt imen yo se pòtè dwa fondamantal ak libète ki enkòpore nan Konstitisyon Etazini ak Deklarasyon Inivèsèl Dwa Imen (yon deklarasyon ki te adopte pa Asanble Jeneral Nasyonzi nan 1948 pou etabli yon estanda komen dwa imen fondamantal ki ta dwe pwoteje tout moun ak peyi). Gouvènman nasyonal yo dwe respekte dwa imen yo lè moun yo antre nan peyi yo, e sistèm jidisyè yo dwe defann dwa sa yo. BBA a afime ke tout èt imen yo gen dwa fondamantal sa yo, kesewa yo te antre Ozetazini.

**Prensip 3: Dwa konstitisyonèl a yon pwosedi regilye ak pwoteksyon egal, garanti pou chak moun kèlkeswa estati imigrasyon oswa sitwayènnte, dwe pwoteje ak ranfòse.**

Tribinal Siprèm Etazini te deside ke tout moun nan Etazini, sa ki gen ladan imigran ki pa gen papye yo, garanti pwoteksyon anba senkyèm Amanman Konstitisyon an (dwa a yon pwosedi regilye) a katòzyèm Amanman (dwa a yon pwosedi regilye ak pwoteksyon egal anba lwa a). BBA a ensiste ke pwoteksyon sa yo dwe respekte ak aplike plènmman.

**Prensip 4: Chak moun ta dwe gen kapasite konplè ak siyifikatif pou egzèse dwa yo ak pou yo gen aksè a jistis grasa sistèm jiridik la kèlkeswa estati sitwayennete oswa imigrasyon, nivo revni oswa sikonstans ekonomik.**

BBA a afime ke imigran yo, tankou tout lòt rezidan yo nan Commonwealth la, ta dwe lib pou yo gen aksè a tribinal yo, ajans kap fè respekte lalwa, ansanm avèk lòt ajans gouvènman san krent ke sa pa p mennen nan detansyon imigrasyon oswa depòtasyon. BBA a kwè tou ke yo ta dwe bay imigran yo ki nan pwosedi depòtasyon yon avoka pou asire ke yo anmezi pou egzèse dwa ak opsyon legal yo nan tout nivo posib. Finalman, BBA a kwè ke imigran yo dwe gen aksè a yon pwosesis legal ekitab avèk jij endepandan lè yap chèche pou yo jwenn èd sou kesyon imigrasyon.

Antanke avoka, ak antanke yon Asosyasyon Bawo, se apèl spesyal nou, privilèj, ak obligasyon pou nou gadyen vijilan sou règleman lwa a, ak pou nou asire ke li pwoteje tout moun ki konsène —sa ki gen ladan tout imigran yo—lè dwa yo anba atak.

## **Ou bezwen yon Avoka?**

Pandan 60+ ane Sèvis Referans Avoka BBA a te konekte moun tout nivo revni avèk èd legal, keseswa pou manm avoka nou yo oswa pou òganizasyon patnè yo kap ofri sèvis legal gratis. Nou kontan pou nou pale avèk ou epi konekte w avèk resous legal apwopriye a. Konsiltasyon avèk Sèvis Referans Avoka gratis.

### **Kontakte Sèvis Referans Avoka BBA:**

Pou referans telefòn rele: (617) 742-0625, 9am-5pm, Lendi-Vandredi

Pou referans anliy yo, ale nan: <https://bostonbarlawyer.org/>

Sèvis Referans Avoka ka refere moun tout nivo revni pou frè regilye, frè ki ba, oswa sèvis legal gratis.

### **Pou w jwenn lòt resous sou kijan pou konekte avèk sèvis legal gratis:**

Liy Asistans Legal Rejyon Lès [Eastern Region Legal Intake Helpline]: 617-603-1700 oswa 1-800-342-5297

Jwenn Resous Legal Sèvis Mass: <https://www.masslegalservices.org/findlegalaid>

Lis Sèvis legal nan Imigrasyon: <http://miracoalition.org/legal-services>

## **Èske ou konnen dwa ou yo?**

Pou w aprann plis sou dwa ou genyen anba lalwa, vizite <https://www.miracoalition.org/know-your-rights>. Resous yo disponib nan plizyè lang.

